

# Fè tès ou yo!

Tès kansè doktè rekòmande pou ou kapab sove lavi ou.  
Pale avèk doktè oswa enfimyè ou konsènan tès sa yo.  
*Get your Tests! - Haitian Creole*

## Tès depistaj Kansè Doktè Rekòmande yo

25 a 39 Ane	40 a 49 Ane	50+ Ane	GLOSE
<p><b>Tès Depistaj Kansè Kolorektal</b></p> <p>Chèche konnen si ou arisk anpil pou gen kansè kolon oswa kansè rektal. Si ou pa genyen li, lè sa a tès depistaj la pa nesèsè nan moman sa a.</p>	<p><b>Tès Depistaj Kansè Kolorektal</b></p> <p>Kòmanse fè tès depistaj regilye yo lè ou nan laj 45 ane, epi kontinye jouk nan laj 75 ane. Pou moun ki gen laj ant 76 ak 85 ane, desizyon pou fè tès depistaj la ta dwe baze sou preferans yo, tankou esperans-de-vi yo, sante jeneral yo, ak lis tès depistaj yo te fè anvan. Ou kapab itilize anpil kalite tès. Pale avèk yon pwofesyonèl swen sante konsènan ki tès ki bon pou ou. Kèlkeswa kalite tès ou chwazi, sa ki pi enpòtan an se fè tès depistaj la.</p>		<p><b>Tès Depistaj Kansè Kolorektal</b></p> <p>Tès sa yo kapab ede evite kansè kolorektal oswa yo kapab ede jwenn li bonè lè li ka pi fasil pou trete. Ou kapab evite kansè kolorektal depi ou jwenn ak retire yon polip anvan li vin kansè.</p>
<p><b>Tès Depistaj Kansè Pwostat</b></p> <p>Tès depistaj pa nesèsè nan moman sa a.</p>	<p><b>Tès Depistaj Kansè Pwostat</b></p> <p>Apati laj 45 ane, gason yo arisk anpil, tout gason nwa yo, ak gason ki gen manm fanmi pwòch yo ki te gen kansè pwostat anvan laj 65 ane ta dwe pale sou risk ak avantaj posib tès depistaj yo avèk yon pwofesyonèl swen sante. Gason yo menm pi arisk (sa ki gen plis pase yon manm fanmi premye degre ki te gen kansè pwostat anvan laj 65 ane) ta dwe gen konvèsasyon sa a avèk yon pwofesyonèl swen sante apati laj 40 ane.</p> <p>Answit yo ta dwe decide si yo vle fè tès depistaj la avèk yon tès san PSA avèk oswa san yon egzamen dijital rektal.</p>	<p><b>Tès Depistaj Kansè Pwostat</b></p> <p>Nan laj 50 ane, gason ki arisk nòmal pou gen kansè pwostat epi ki espere viv 10 lòt ane ta dwe pale avèk yon pwofesyonèl swen sante konsènan risk ak avantaj posib pou fè tès depistaj pou decide si tès depistaj bon pou yo. Si yo decide fè tès depistaj la, yo ta dwe fè yon tès san PSA avèk oswa san yon tès avèk yon tès san PSA avèk oswa san yon egzamen dijital rektal. Yo ta dwe pale avèk doktè yo konsènan kantite fwa yo pral fè tès depistaj la.</p>	<p><b>Tès Depistaj Kansè Pwostat</b></p> <p>Nivo antijèn ki gen rapò avèk pwostat (PSA) ki nan san an ka pi wo sou gason ki gen kansè pwostat anplis lòt pwoblèm medikal yo. Avèk yon egzamen rektal dijital, yon pwofesyonèl swen sante ap tcheke pwostat la pou timè oswa gwosè anòmàl.</p>
<p><b>Tès Depistaj Kansè Tete</b></p> <p>Chèche konnen si ou arisk anpil pou gen kansè tete. Si ou pa arisk, tès depistaj yo pa nesèsè nan moman sa a.</p> <p>Fè doktè ou oswa enfimyè ou konnen touswit si ou remake nenpòt chanjman nan fason tete ou sanble oswa nan fason ou santi yo.</p>	<p><b>Tès Depistaj Kansè Tete</b></p> <p>Fanm ki gen laj ant 40 ak 44 ane ta dwe chwazi pou kòmanse fè tès depistaj kansè tete avèk mamogram chak ane si yo vle fè sa. Apati laj 45 ane, yo ta dwe fè yon mamogram chak ane.</p>	<p><b>Tès Depistaj Kansè Tete</b></p> <p>Fè yon mamogram chak ane ant laj 45 ak 54 ane; answit nan laj 55 ane, ou kapab chanje pou fè mamogram yo chak 2 ane, oswa ou kapab kontinye fè tès depistaj la chak ane. Tès depistaj la ta dwe kontinye toutotan ou gen bon sante epi ou espere viv yon lòt 10 ane.</p>	<p><b>Mamogram</b></p> <p>Yon mamogram depistaj se yon radyografi tete doktè itilize pou chèche si yon kansè tete sou fanm ki pa gen okenn sentòm oswa pwoblèm nan tete.</p>
	<p><b>Tès Depistaj Kansè Sèvikal</b></p> <p>Moun ki gen laj ant 25 ak 65 ane ki gen yon matris ta dwe fè yon tès primè HPV chak 5 ane. Si yon tès primè HPV pa disponib, fè yon ko-tès chak 5 ane oswa yon Fwoti Vajinal sèlman chak 3 ane.</p> <p>Moun ki gen laj 66 ane ak plis epi ki te fè tès depistaj kansè sèvikal regilye nan dènye 10 ane yo avèk rezilta nòmal pa ta dwe fè tès depistaj la.</p> <p>Moun ki te gen pre-kansè sèvikal sevè ta dwe fè tès depistaj pandan omwen 25 ane apre dyagnostik la, menmsi tès depistaj la kontinye apre laj 65 ane.</p> <p>Moun ki gen matris ak kòl iteris yo doktè te retire nan operasyon ta dwe sispann fè tès depistaj la sof si operasyon an te fèt pou trete kansè sèvikal oswa yon pre-kansè grav.</p> <p>Moun ki te vaksinen kont HPV ta dwe toujou swiv rekòmandasyon yo pou fè tès depistaj la pou gwoup laj yo.</p>		<p><b>Fwoti vajinal</b></p> <p>Fwoti Vajinal tcheke chanjman nan selil oswa selil anòmàl yo nan matris la.</p> <p><b>Tès HPV</b></p> <p>Tès papilomaviris imen (HPV) tcheke viris la epi tès sa a kapab fèt anmenmtan avèk tès Fwoti Vajinal la.</p> <p><b>Tès HPV Primè</b></p> <p>Yon tès HPV ki fèt sèlman pou depistaj</p> <p><b>Ko-tès</b></p> <p>Egzamen avèk yon tès HPV ak yon tès fwoti vajinal</p>
		<p><b>Tès Depistaj Kansè Poupon</b></p> <p>Si ou fimen nan moman an oswa si ou te abitye fimen, si ou gen laj ant 50 ak 80 ane, epi ou arisk anpil pou gen kansè poumon akòz yon pòch sigarèt ki gen 20 oswa plis, ou ta ka jwenn avantaj nan tès depistaj pou kansè poumon avèk yon eskanojografi XCT fèb dòz chak ane.</p>	<p><b>Tès Depistaj Kansè Poupon</b></p> <p>Moun ki fimen oswa ki te abitye fimen arisk pi plis pou gen kansè poumon.</p> <p>Pale avèk yon pwofesyonèl swen sante konsènan risk ou pou gen kansè poumon, ak avantaj posib yo, ak domaj nan fè tès depistaj pou deteksyon kansè poumon bonè.</p>



Anjeneral, asirans kouvri sèvis prevansyon ak sèvis depistaj. Tanpri tcheke pou konfime sèten avantaj swen sante ou. Si ou pa gen asirans oswa si ou pa gen mwayen pou peye pou fè tès depistaj la, ale sou sitwèb [cancer.org/getscreened](https://cancer.org/getscreened) pou jwenn plis enfòmasyon.

**Sonje pou fè doktè oswa enfimyè ou konnen si ou te gen nenpòt kalite kansè oswa si manman ou, papa ou, frè ou, sè ou oswa pitit ou yo te gen kansè.**

Ou ka bezwen kòmanse fè tès depistaj la pou kèk kansè pi bonè oswa pou fè tès depistaj la pi souvan si ou gen sèten faktè risk. Pale avèk doktè ou sou sa.

cancer.org | 1.800.227.2345